



GID ID.ME POU MOUN K AP FÈ REKLAMASYON

KISA ID.ME YE?

ID.me se you zouti verifikasyon pou moun pwouve idantite yo e gouvènman ak konpayi nan 31 eta, plizyè ajans federal, ak plis pase 500 magazen k ap vann bagay ki gen non itilize l. NYSDOL pran angajman pou l pwoteje idantite kliyan nou yo epi anpeche magouy. Se sa menm ID.me pèmèt nou fè.

*Ou ka mande pou yo verifye idantite w pa mwayen ID.me sèlman si 1) w ap aplike pou avantaj yo bay lè moun nan chomaj oswa 2) w ap chanje enfòmasyon bank ou gen avè nou.

KILÈ M AP BEZWEN ITILIZE ID.ME?

Si nou voye di w ou dwe fè yon verifikasyon idantite, ou dwe fè pwosesis ID.me an anvan nou apwouve reklamasyon w lan ak trete ak voye pèman w yo ale.

REKLAMASYON KI FÈT SOU ENTÈNÈT

Lè w fin depoze yon reklamasyon sou entènèt, ou ka resevwa yon mesaj sou entènèt k ap di w ou dwe fè verifikasyon ID.me nan moman an. Ou dwe fè sa pandan w konekte sou kont NY.gov ou, donk pa dekonekte nan kont NY.gov ou.

REKLAMASYON (NAN TELEFÒN) PA MWAYEN IVR

Lè w fin fè reklamasyon nan telefon grasa sistèm IVR la, ou ka resevwa yon lèt k ap di w ou dwe fè verifikasyon ID.me an. Lèt la ap gen yon sit entènèt ak enstriksyon sou fason pou w fè verifikasyon ID.me an.

VERIFIKASYON AK ID.ME

SÈVIS KOTE W FÈ L POUKONT OU

Sèvis kote w fè l poukont ou a se metòd verifikasyon moun plis itilize. Y ap di w sa pou w fè pandan w ap sèvi ak telefòn ou oswa òdinatè w. Pou w fè verifikasyon an, w ap bezwen: yon telefòn pòtab ki gen kamera oswa yon òdinatè ki gen kamera, imel, nimewo Sekirite Sosyal, de dokiman idantite gouvènman an bay (lisans pou kondi, paspò, kat paspò, oswa ID eta a).

AN PÈSÒN

Ak verifikasyon an pèsòn nan, ou pase etap kote w ap mete dokiman ak foto tèt ou nan verifikasyon an nan kèk magazen. Pou w verifye idantite w an pèsòn, w ap bezwen: yon kont ID.me, yon imel, nimewo Sekirite Sosyal ou, de dokiman idantite.

FASON POU W SÈVI AK ID.ME

W ap bezwen enfòmasyon ak dokiman presi pou w verifye idantite w lè w ap fè l poukont ou oswa an pèsòn. Nou rekòmande w rasanble nenpòt dokiman nesesè anvan w kòmanse pwosesis verifikasyon an.

Etap 1: Konekte sou kont ID.me w lan si w gen youn lè yo mande w fè sa a, oswa klike sou lyen “Create an ID.me Account” lan sou paj la pou w kreye youn.


Etap 2: Kreye plizyè metòd verifikasyon (multi-factor authentication, MFA).

Etap 3: Chwazi yon dokiman apwouve pou w voye.

Etap 4: Mete foto w.

Etap 5: Mete nimewo sekirite sosyal ou.

Pou plis enfòmasyon konsènan verifikasyon idantite w ak ID.me, **gade video sa a epi ale sou Sipò ID.me.**



Gade paj entènèt ID.ME an
sou dol.ny.gov/idme-process